



# Palm Pointe Educational Research School @ Tradition

## Politik/Plan pou Angajman ak Paran ak Fanmi yo: 2021-2022

Palm Pointe detèmine pou enplike paran yo ak manm kominote a nan aktivite ak reyinyon skolè pou ankouraje relasyon efikas, fòme yon patenarya djanm ant lekòl la-lakay, epi ògmante akonplisman elèv yo.

### Deklarasyon Misyon

Misyon Palm Pointe Educational Research School se atravè ansèyman de kalite ki angaje, rijid, ak diferansye, PPE angaje nan yon sistèm sipò konpreyansif ak kolaboratif pou TOUT elèv yo. Sila a asire elèv Rockets yo konplètman ekipe pou pwochen misyon pa yo!

### Enplikasyon Paran yo ak Kominote a

- Palm Pointe pral ofri yon varyete evènman pou angajman paran yo ak fanmi yo pou fòtifye patenarya li ant lekòl la-lakay epi enplike kominote a nan edikasyon elèv yo, sa enkli evènman kourikoulòm, evènman rekonesans, ak seyans enfòmasyon.
- Paran yo kapab sèvi sou Konsèy Konsiltatif Lekòl la (*School Advisory Council*) (SAC). Si w enterese, tanpri kontakte lekòl la nan (772) 345-3245.
- Manm SAC a angaje nan yon revizyon Plan pou Amelyorasyon Lekòl la ak Plan pou Angajman Paran ak Fanmi yo, epi nou bay tout paran yo opòtinite a pou yo bay fidbak atravè yon sondaj anyèl.
- Paran yo pral resevwa yon Sondaj Tit I sou Enplikasyon/Satisfaksyon Paran yo an prentan 2022 pou yo bay fidbak sou pwogram ak evènman nou ofri pandan ane skolè 2021-2022 an, an plis de fòmilè evalyasyon endividyèl nou bay nan evènman yo.

### Kowòdinasyon ak Entegrasyon

- Edikasyon Elèv Eksepsyonèl ak IDEA
- Tie IX (Lwa McKinney Vento – Edikasyon pou Moun Sanzabri yo)
- Lansman Timoun Piti/Jadendanfan (*Early Childhood/Kindergarten Blast-Off*)

### 'Reyinyon Paran' Tit I Vityèl

- Nou pral prezante reyinyon Tit I/Tit IX anyèl la vityèlman, kòm yon pati nan premye tranch Seri Konpanyon Sal Klas PPE 21-22 PPE a. Pral genyen yon vèsyon prezantasyon Tit I/Tit IX la ki anrejistre sou sit entènèt ak chèn YouTube lekòl la nan dat 29/9/2021, avèk yon lyen aktif sou Fòmilè pou nou sanble kesyon.
- Nou pral fè piblisite pou reyinyon anrejistre sou atravè kominikasyon nan nivo skolè yo, feyè, ak rezo sosyal lekòl la.

### Dwa Paran yo pou yo Konnen

- Paran/responsab yo kapab mande enfòmasyon konsènan kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè yo ak pèsònèl ki travay avèk pitit yo. Tanpri rele lekòl la nan (772) 345-3245 oubyen voye yon imèl nan [Rachel.Koenig@stlucieschools.org](mailto:Rachel.Koenig@stlucieschools.org) pou plis enfòmasyon.

### Reyinyon & Konferans ak Paran ki Fleksib

- Nou pral pwograme evènman ak reyinyon pou angajman ak paran ak fanmi yo nan dat ak lè ki varye epi nou pral prezante yo nan yon fòm ki reflekte oryantasyon aktyèl sou sante ak sekirite. Sa a gen dwa enkli evènman vityèl, lè nou poko kontinye evènman an pèsòn yo.
- Nou pral fè materyèl prezantasyon yo disponib pou fanmi yo ki pa kapab asiste reyinyon ki te pwograme atravè sit entènèt lekòl la oubyen ke nou bay pa imèl oswa lòt platfòm nimewik.
- Paran yo kapab mande yon konferans paran-pwofesè pou diskite pwogrè ak enkyetid akademik ak/oswa konpòtmantal nan yon moman ki konvenyan pou tout pati ki konsène yo. Konferans yo se youn nan fason pi enpòtan paran/responsab yo ak pwofesè yo kapab travay kòm yon ekip epi diskite estrateji yo kapab aplike lakay. Nou kapab fè entèprèt disponib sou demann.

## Kapasite Biling lan

- Yon varyete aktivite pou angajman paran ak fanmi yo ki fèt pou ankouraje patenarya ant lekòl la/lakay ki efikas epi amelyore konpreyansyon de kourikoulòm lan ak evalyasyon yo kapab fèt pandan ane skolè 2021-2022 a. Nou pral ofri evènman yo nan yon fòm ki reflekte oryantasyon aktyèl sou sante ak sekirite. Anba a genyen kèk egzanp de evènman yo:
  - Evènman Nivo Skolè ak Bann pou Nivo Skolè yo
    - Nou te aloke fon Tit I pou pwofesè yo planifye, prepare, epi fasilite aktivite pou angajman paran ak fanmi yo pandan ane skolè a. Pami kèk egzanp se sware kesyonè/jwèt, sesyon done, ak evènman soutyen kourikoulòm ki gen tèm.
    - Seyans Oryantasyon sou Zafè Lekòl Pre-Segondè (*Middle School Matters Orientation Session*) – fèt nan mwa Me a
    - Evènman pou Tout Lekòl ak ak/oswa Bann pou Nivo Skolè yo ki konsantre sou kontni ak sipòte aprantisaj lakay – Semèn Alfabetizasyon
  - Evènman Kominotè – sa yo sibi rekòmandasyon pou sante ak sekirite
    - Dejene avèk Tonton Nwèl
    - Oryantasyon pou Volontè yo
    - Dejene Eritaj Kiltirèl
    - Fwa Liv
    - Pèfòmans Mizikal Ivè a
  - Evènman ki Baze sou Kourikoulòm Lekòl la
    - Lansman Jadendanfan (*Kindergarten Blast-Off*)
    - Seri Mansyèl Konpanyon Sal Klas la
    - Ekspozisyon Deza Prentan pou Lekòl Pre-Segondè
- Nou bay opòtinite pou devlopman pèsònèl pou amelyore kominikasyon efikas avèk paran yo epi ankouraje patenarya pozitif ant lekòl la/lakay.

## Kominikasyon

- Nou voye enfòmasyon ki gen rapò ak kourikoulòm lan, evalyasyon, ak pwogrè akademik epi pataje sa ak paran timoun k ap patisipe yo nan yon manyè apwopriye.
  - Weekly Communication from Teachers
  - Seyans ak Atelye Enfòmasyon
  - Rapò sou Pwogrè ak Kanè Nòt
  - Konferans Paran-Pwofesè
- Genyen sèvis tradiksyon disponib sou demann.
- Paran yo pral genyen opòtinite a pou yo revize epi bay fidbak sou Plan/Politik la sou Angajman Paran ak Fanmi yo nan fen ane akademik la.

## Aksesibilite

- Palm Pointe pral asire nou voye enfòmasyon ki gen rapò ak kourikoulòm lan, evalyasyon, ak pwogrè akademik epi pataje sa ak paran timoun k ap patisipe yo nan yon manyè apwopriye, nan yon fòm yo kapab konprann, jis nan pwen sa pratik, nan yon lang paran yo kapab konprann, ki enkli Anglè, Panyòl, ak Kreyòl.
- Depi li posib, nou pral voye feyè enfòmasyonèl, fòmilè pèmisyon, elatriye bay fanmi yo nan fòm nimewik pa imèl oubyen poste sou sit entènèt lekòl la. Nou pral voye devwa ki te note lakay chak semèn.
- Nou pral fè piblisite pou enfòmasyon ki pètinan pou gwo gwoup, tankou pwogram pou tout lekòl la oswa aktivite bann nivo skolè yo, sou rezo sosyal ak sit entènèt lekòl la, ak/oswa atravè yon alèt telefòn sou Mesaje Lekòl la.
- Nou pral founi materyèl prezantasyon yo sou sit entènèt lekòl la pou moun ki p kapab ale nan evènman yo. Epi tou nou pral genyen materyèl sòti nan evènman pou angajman fanmi yo disponib sou demann nan men lyezon Tit I an, oswa pwofesè/nivo skolè k ap fasilite li.

**Sit Entènèt Palm Pointe:** <http://tradition.fau.edu/>

**Swiv Palm Pointe sou Facebook:** Palm Pointe poste aktyalite kotidyen, aktivite sal klas, ak enfòmasyon enpòtan sou paj Facebook ofisyèl nou an regilyèman. Ale sou Palm Pointe Educational Research School at Tradition sou Facebook epi klike sou zonglèt “like” la pou swiv aktyalite nou. Epi tou ou kapab jwenn paj nou depi w chache PalmPointeK8 pandan w sou Facebook.